

Sote pou Chif yo

Jwè 1-20



Laj 3+



1-5 min

OBJEKTIF

Sote yon kantite fwa byen presi.

MATERYÈL

Kò



VOKABILÈ

Menm

Twòp

Pa ase

KESYON

Kijan ou te konnen kilè ou te sipoze sispann sote?

Èske nou te sote menm kantite fwa?

Èske nou te sote twòp fwa?

Èske nou pa t sote ase fwa?

KÒMAN POU JWE

1. Montre oswa di timoun yo yon chif. Ou ka lonje dwèt ou yo pou montre yo chif la, ou ka di chif la awotvwa oswa ou ka ekri chif la sou tablo a.
2. Lè sa a, timoun yo sote kantite fwa sa a. Pa egzanp, si w montre yo 3, ou kapab di “**Annou sote twa fwa. Nou prè?**”
3. Konte awotvwa ansanm avèk timoun yo pandan y ap sote konsa: “**En, de, twa, SISPANN. Nou te sote twa fwa!**”
4. Repete menm bagay la ak lòt chif.

KONSÈY POU JWE

- Pou jwe jwèt sa a, ou kapab mande yo fè lòt aksyon fizik tou, tankou bat bravo oswa woule atè a olye yo sote.
- Timoun yo gendwa tèlman renmen sote, yo pa p sispann menmsi yo byen konte. Si sa ta rive, ou ka mande yo sote valè fwa yo kapab epi di w konbyen fwa yo te sote. Apre sa, ou ka mande yo sote yon kantite fwa byen presi.
- Si w vle bay yo yon defi ki pi difisil, fè yon erè pandan w ap sote. Pa egzanp, di yo “**Mwen pral sote kat fwa. En, de, twa. Wòy, èske m te fè yon erè? Ki erè m te fè?**” Mande timoun yo sote kantite fwa ki kòrèk la pou ede w korije erè a.

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Timoun yo ap pratike konte jiskaske yo rive nan chif byen presi. Verifye si yo rive di chak chif nan menm moman y ap sote, si y ap konte nan lòd epi si yo sispann lè yo rive nan chif ou te bay yo a. Se yon seri aptitud ki gen rapò ak chif ki enpòtan pou yo pratike.
- Lè ou fè yon erè pandan w ap konte, sa ede timoun yo reflechi sou sa menm, plis ak mwens vle di. Met sou sa, sa montre yo tout moun kapab fè erè pandan y ap konte, men pa gen pwoblèm!

SIJÈ MATEMATIK

Nimewo: Konte ak Kadinalite

VIDEYO



Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Sote pou Chif yo*.